



Ivyo ukeneye kumenya ku vyerekeye Incanco za COVID-19 ku bana

1. Incanco za COVID-19 zigisha imibiri yacu ukuntu igwanya COVID-19 itarinze kutugwaza koko.

Incanco za COVID-19 ziha imibiri yacu ukwiyombayomba z'ukuntu umugera wa COVID-19 ukora kugirango abasoda b'umubiri bawumenye bongere bawugwanye. Zigisha imibiri yacu gukora ndemamubiri zigwanya indwara zitwa abasoda b'umubiri kugirango badugikingire. Incanco za COVID-19 nta COVID-19 zidutera.

2. Ivyigwa vyerekana ko incanco za COVID-19 zitekanya kandi zikomeye ku bana b'imyaka 12-15.

Incanco zose za COVID-19 ziri muri leta zunze ubumwe zaragerajwe mu bitaro kandi zaremejwe gukoreshwa mu bihe vyihuta na leta zunze ubumwe. Ubuyobozi bujejwe imfungurwa hamwe n'imiti. Zose zaremejwe n'abahinga muv'amagara y'abantu k'urwego rw'igihugu hamwe no ngaha i Verimonti.

Ukugerageza mu bitaro urucanco Pfizer ku bana b'imyaka 12-15 rwarerekanye ko urwo rucanco rumeze neza kuri uyo mugwi w'imyaka. Nta numwe mu bana baronse urucanco Pfizer mw'igeragezwa mu bitaro bagwaye COVID-19.

Ukugerageza mu bitaro urucanco Pfizer ku bana bato b'amezi 6 kwatanguye, kandi amakuru menshi vuba araja ahabona.

3. Kuronka urucanco rwa COVID-19 bifise inyungu nyinshi ku bana b'i Vermont.

Gushika muri Rusama 2021, abana b'i Vermont barenga 4,000 baranduye COVID-19 kuva aho ico kiza gitereye, kandi ivyo vyaragize ingaruka nyinshi ku bana, imiryango, indinganizo zo kwitaho abana hamwe n'amashure. Gucandagisha abana bizotuma baguma bakingiye kandi bafise amagara meza kandi bizotuma igwirirana ry' COVID-19 rihagarara mu kibano cacu.

Gucandarwa bisigura kandi kugira ubwigenge gutyo abana b'i Vermont bagashobora kuba abana. Bashobora kubona abandi bagenzi babo bacandazwe ataco bicura, gutemberera imiryango iba

inyuma ya Verimont, kandi bagasimba kwugaranwa nimba bobasanga begeranye n’umuntu afise COVID-19.

4. Incanco za COVID-19 zakozwe inyuma y’imyaka cumi irenga y’ubushakashatsi.

Mu gihe umugera COVID-19 ubwawo ari mushasha, abashakashatsi baramaze kwiga ubwoko bw’iyo migera, izwi nk’imigera ya korona, mu myaka cumi irenga. Mu gihe COVID-19 ibonekeye, abashakashatsi bo mw’isi yose bashimikiye ku ntego imwe – gutuza uwu mugera wa korona mushasha. Aka kigoro mpuzamakungu, hagiye amahera menshi kw’isi yose, karadufashije kuronka ku kanyuma incanco zimeze neza.

5. Abana b’imyaka 12-15 basa n’abafise ingaruka mbi zimwe co kimwe n’iyindi migwi y’imyaka.

Abana b’imyaka 12-15 bafise ingaruka mbi zimwe n’abakuze. Ingaruka mbi rusangi ni:

- Ukubabara ku kuboko bateyeko urucanco
- Umucanwa
- Kujugumira
- Ukuruha

Ingaruka mbi zituruka ku ncanco za covid-19 ni ibimenyetso bisanzwe vyerekana ko umubiri wawe uba uriko urubaka ukwikingira COVID-19. Ingaruka mbi zimwe zimwe zishobora kugira ingaruka ku bikorwa vya minsi yose mugabo zitegerezwa guhera inyuma y’iminsi mike. Abantu bamwe bamwe nta ngaruka mbi bagira.

Abantu bake nibo baziraniwe n’urucanco, mugabo bishika gake cane. Kugirango tube neza, umuntu wese aronse urucanco rwa COVID-19 ategerezwa kuguma ku bitaro mu mwanya muto (kenshi na kenshi iminota 15) kugirango akurikiranwe mu gihe hoba ihinduka.

6. Ushobora gufasha abana bawe kugirango bitegurire kuronka urucanco rwa COVID-19.

Abavyeyi bashobora kugira uruhara runini mu gufasha abana kwumva biteguriye urucanco urwarirwo rwose. Ushobora kubayagisha ku bijanye n’ivyo bokwitega igihe baronse urucanco, hamwe n’ivyoshika mu minsi ikwirikira. Bashobora kwiyumva bagwaye gato umunsi umwe canke ibiri inyuma yo kuronka urucanco, ariko ntibizomara igihe kinini.

Vugana nabo ukuntu urucanco ruzokwigisha imibiri yabo kugwana n’umugera wa COVID-19, kandi n’ingene iyo bacandazwe bibafasha gukingira abandi bari ngaho hafi yabo.

Inkuru zindi nyinshi ku bavyeyi:



Vermont Chapter

INCORPORATED IN VERMONT

American Academy of Pediatrics

DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



- Kuronka urucanco rwa COVID-19 (Igisata kijejwe amagara y'abantu i Verimonti):
www.healthvermont.gov/MyVaccine
- Ubushakashatsi buri inyuma y'urucanco rwa COVID-19: Ibibazo bikunze kubazwan'abavyeyi (Ishure rya Amerika riraba ivy'indwara z'abana):
www.healthychildren.org/English/health-issues/conditions/COVID-19/Pages/The-Science-Behind-the-COVID-19-Vaccine-Parent-FAQs.aspx
- Kumenya uko incanco za COVID-19 zikora (Ibigi bijejwe gukingira no kugenzura indwara):
www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/vaccines/different-vaccines/how-they-work.html